**Faktè Enpòtan Facts sou Asistans Konpansasyon Chomaj pou Katastwòf (DUA):**

- Dat anvigè pou yon reklamasyon DUA se nan Dimanch **apre** dezas la te rive. Yo p ap remèt okenn peman pou DUA pou tan ou te pèdi avan dat DUA te anvigè.

- Si ou kalifye pou reklamasyon konpansasyon travay regilye ou dwe sèvi yon semenn atant, ki se premye semenn reklamasyon w la epi yo papa peye w pou semenn sa a. Kidonk premye chèk ou pa pral nòmalman pou yon semenn sèlman.

- Yo peye benefis reklamasyon konpansasyon travay regilye ak asistans katastwòf pou chak semenn sivil, pa pa jou. u p ap gen dwa pou resevwa okenn benefis pou semenn ou te travay majorite nòmal èdtan w yo, regilye semenn travay **oswa** na ki revni brit ou yo, pou èdtan semenn travay sa a, pou tan ou te travay semenn sa a, ak plis pase montan konpansasyon chomaj semenn la ki deziyen sou reklamasyon w la.

- Lè dezas la rive, ou dwe te abite, travay oswa te gen eskedil pou travay nan yon konti ki te deklare zòn dezas federal **oswa** ou dwe te bloke pou rive kote ou travay la akòz andomajman oswa destwiksyon nan yon konti ki te deklare zòn dezas.

- Travay sa a dwe sous revni prensipal ou.

- Ou pa ta kalifye pou benefis reklamasyon konpansasyon travay regilye si ou te manke travay akòz andomajman sou pwopriyete pèsonèl ou, menm si andomajman an te rive padan dezas la, eksepte si ou genyen yon biznis baze lakay ou.

- Annapre la se de (2) rezon pi komen pou p'ap travay ki ranpli egzijans definisyon gouvènman federal la sou sa li vle di dirèkteman si ou p ap travay akòz yon dezas.

    1. Kote biznis ou an ye oswa ekipman yo te sibi andomajman fizik oswa destwiksyon, defason travay la oswa sèvis yo pat kapab fèt.

    2. Ou pa kapab travay paske ou te genyen yon blesi pandan dezas la epi se te rezilta dirèk dezas la.

- Si ou pa kalifye pou konpansasyon travay regilye yo ka mande w pou founi prèv revni w pou ane taks avan an.

- Yo kapab mande w pou founi prèv ou t ap travay lè dezas la te rive.

- Nan lespas dis jou ou te klase reklamasyon w la ou pral resevwa enfòmasyon sou kòman pou kontinye. Sizoka ou pat resevwa okenn korespondans tanpri rele 1-800-204-2418 epi chwazi opsyon 5 pou kapab pale avèk yon reprezantan sèvis konsomatè.

**Kouman pou rampli aplikasyon DUA-a**

Pou-w ka rampli aplikasyon DUA-a rele nan nimewo sa-a 1-800-204-2418, Lindi jouk ka vandredi, 8:00 nan matin, jouk ka 5:00 nan apre midi, oswa nan adres entènèt sa-a pou kapab printé aplikasyon-an. Ou gen dwa voye-l pa lapos nan adres ki sou papye-a, ou byen faksé li tenkou jan sa ye nan fom nan. Aplikasyon. PDF Version.